

1 Oktòb 2025

Shè Paran/Responsab Legal,

Deziem semèn nan mwa oktòb la make pwen matie pou pwemie tem lekol la. Ane sa a, nou pwograme konferans paran-pwofesè nan apre midi ak aswè nan dat **Jedi 23 oktòb** ak **Mekredi 29 oktòb** pou ou kapab rankontre avèk pwofesè yo pou tcheke sou pwogrè elèv ou.

Pou nou kapab resevwa tout kantite moun ki posib, ane sa a nou pral ofri de fòm diferan pou konferans nou yo:

- Konferans apre midi yo pwal gen yon fòm vityèl epi nou pwal òganize yo nan Google Meet (pou gade sesyon sa ou ka jis klike sou lenk sa: <https://bluehills.youcanbook.me>).
- Konferans aswè nou yo pwal nan yon fòm reyinyon tradisyonèl fas-a-fas. Enskripsyon davans pa obligatwa epi n ap òganize reyinyon yo sou baz moun ki vini anvan. Lè ki endike anba la yo se pou moun nou ap sèvi anvan yo. Nou ap gen kata k direksyon, lokasyon pwofesè epi ore klas elev yo la pou nou.

Lè Konferans lan

(Tanpri sonje: lè konferans yo òganize dapwe nivo klas yo)

Klas 9yèm Ane ak 11yèm Ane

Jedi 23 Oktòb 2025

- **Ant 12:30PM ak 2:30PM:** Konferans vityèl nan Google Meet
- **Ant 6:00PM ak 8:00PM:** Konferans fas-a-fas. Enskripsyon davans pa nesesè. Jis vini.

Klas 10yèm Ane ak 12yèm Ane

mekredi 29 Oktòb 2025

- **Ant 12:30PM ak 2:30PM:** Konferans vityèl nan Google Meet
- **Ant 6:00PM ak 8:00PM:** Konferans fas-a-fas. Enskripsyon davans pa nesesè. Jis vini.

Pwofesè Akademik yo ap disponib pou tout 4 sesyon konferans yo.

* Pwofesè Ansèyman Pwofesyonèl yo pap la nan aswè Jedi 23 Oktòb la. Men yo ap disponib nan apre midi 23 Oktòb la epi pandan tou lè de sesyon yo nan dat 29 Oktòb.

Si elèv ou nan Klas 9yèm ane oswa 11yèm ane epi ou ta renmen rankontre pwofesè ansèyman pwofesyonèl li, tanpri konsidere shwazi yon nan tan sa yo:

- Vini pou patisipe nan konferans Paran-Pwofesè pou klas 10yèm ane ak 12yèm ane nan a swe nan dat 29 Oktòb
- Ou ka rele oswa imèl pwofesè a pou pran yon randevou ant 12:30pm ak 2:30pm nan dat 23 Oktòb
- Ou ka rele oswa imèl pwofesè a pou pran yon randevou ant 12:30pm ak 2:30pm nan dat 29 Oktòb

Pandan Konferans Paran-Pwofesè, pwofesè yo ak konseye pedagogik yo pwal disponib pou rankontre avèk ou. Tanpri toujou sonje pwofesè yo ta renmen rankontre avèk tout paran ki konsène. Pou rezon sa nou mande pou ou kenbe vizit endividyèl yo pou yon maksimòm senk minit. Si ou bezwen plis tan, tanpri pran yon randevou nan Depatman Oryantasyon an.

Nou ankouraje ou pou pran okazyon sa a pou rankontre avèk pwofesè nou yo. Si nou travay ansanm, n ap kapab bay pi bon edikasyon posib pou tout elèv Blue Hills nou yo.

Sensèman,

Dr. Paul Bavuso
Direktè Akademik